Ч1агояб закуска ц1ехолеб буго,
Гьелда рази гьеч1еб ч1ег1ер гъадица
Хъулухъ гьеч1еб даг1ба гьабулеб буго.

Бакъул ч1ораз хинлъи ц1ик1к1инабуна
Ц1унц1раби ракьулъан лъугьана къват1ир,
Бортараб –тараб щиб, турун холеб щиб
Цог1аги жо теч1о , ана бак1арун.

Г1айшатил ц1ах1илаб ,к1удияб кету
Гордухъ бакъул ч1оракь кьижун ккун буго,
Хеккого вахъарав Джаватханица
Киса – кибго «Мурка» ц1ехолеб буго.

К1удада дица дуй чай гьалун бугин
Дир  внучкаялъ диде ах1улеб буго ,
Гьелъул гьаракьалъул маг1наги босун
Рахь гьекъезе бач1ун Муркаги буго.